



KESYON YO POZE SOUVAN SOU PLATFÒM MEVACUNO.GOB.CL A

SI MWEN RANTRE AVÈK CLAVE UNICA, KISA MWEN DWE FÈ SI RESI VAKSEN MWEN AN PARÈT BLANCH ?

1. Mete imèl o unan kote ki di Pèfil mw an.
2. Revize imèl ou a epi konfime li nan notifikasyon ke yo ap voye ba ou a de mevacuno.gob.cl.
3. Rifrèch sit mevacuno.gob.cl a

SI MWEN SWIV TOUT PA SA YO EPI MALGRE SA YO MWEN PAKA REJISTRE VAKINASYON MWEN AN . KISA POU MWEN FÈ ?

Nan ka sa ou sipoze revize enfòmasyon an chak jou paske aktyalizasyon an kapab pran yon ti tan .

SI MWEN RANTRE AVÈK CLAVE UNICA , KISA MWEN KAPAB FÈ SI MWEN RESEVWA YON KOURYE ELEKTWONIK KI ASOSYE AK KONT MWEN AN KI PA POU MWEN ?

1. Dekonekte ou
2. Kreye yon nouvo kont avèk imèl pèsònèl ou
3. Revize imèl ou epi konfime kourye elektronik la nan notifikasyon ke ou ap resevwa a de platfòm mevacuno.gob.cl a. (pa bliye revise nan spam tou) .
4. Rifrèch sit mevacuno.gob.cl a epi declare idantite ou nan sesyon Pèfil Mw an, pandan wap itilize clave unica ou a .

SI MWEN RANTRE AVÈK CLAVE UNICA , KISA MWEN KAPAB FE SI MWEN RANTRE IMÈL MWEN AN EPI LI AP UTILIZE PA YON LOT MOUN ?

1. Dekonecte epi ale nan paj kòmansman an
2. Rekipere modpas ou a pandan ou ap rantre imèl pèsònèl ou a
3. Ou ap resevwa yon kourye elektwonik ou sipoze valide li pou kapab rantre yon nouvo modpas
4. Tounen nan platfòm nan pou ka rantre a nouvo modpas la



5. Enfòmasyon an ap kontinye parèt de lòt moun pou sa ou sipoze ale nan kote ki di pèfil mw an
6. Kote ki di mwen komèt yon erè ? asepte opsyon ki di deklare yon nouvo idantite
7. Rantre done pèsònèl ou pandan ou ap itilize claveunica
8. Aktyalize sitwèb la epi rantre ankò

SI MWEN RANTRE AVÈK IMÈL MWEN, MEN IDANTITE KI PARÈT LA PA PA MWEN AN .

KISA POU MWEN FÈ NAN KA SA?

1. Nan kote ki di Pèfil mw an, ale kote ki di mwen komèt yon erè ? epi asepte deklare yon nouvo idantite
2. Rantre done pèsònèl ou pandan ou ap itilize claveunica
3. Aktyalize sitwèb la epi rantre de nouvo

KISA POU MWEN FÈ SI MWEN RANTRE YON IMÈL ENKÒRÈK NAN PÈFIL MW AN EPI MWEN PAKA RESEVWA KOURYE ELEKTWONIK VERIFIKASYON AN ?

1. Nan kote ki di Pèfil mw an , seleksyone opsyon ki di “ mete yon lòt imèl “
2. Mete imèl ou kòrèk
3. Chèche sou imel ou kourye elektwonik ke mevacuno.gob.cl voye pou ou ki di “ konfime kourye elektwonik ou a epi valide li “ (pa bliye revise nan spam tou)
4. Aktyalize mevacuno.gob.cl

SI MWEN VAKSINEN A LETRANJE KÒMAN MWEN KAPAB JWEN RESI VAKSINASYON MWEN AN?

Platfòm mevacuno.gob.cl a opera an liy avèk dosye nasyonal inminizasyon an , sèlman li bay pwosesis vaksinasyon nan peyi Chili . Pou sa , nan moman yo li pa posib pou yo bay yon resi vaksinasyon .

Pou pwouve vaksinasyon ou a ou sipoze genyen yon dokiman ofisyèl nan peyi kote ou te vaksinen an .



KISA MWEN KAPAB FÈ SI MWEN PA GENYEN CLAVE UNICA?

San claveunica ou pap kapab aksede ak resi vaksinasyon ou a ni ak pase de movilidad la . Nou ap sijere ou mande li an liy : www.registrocivil.cl (sesyon claveunica) .

SI MWEN SE ETRANJE EPI MWEN VAKSINEN CHILI , KÒMAN MWEN KAPAB GENYEN RESI VAKSINASYON AN AVÈK PASE DE MOVILIDAD LA SI MWEN PA GENYEN CLAVE UNICA ?

Sèlman nan ka etranje ki vaksinen nan tèritwa nasyonal la epi kip a genyen RUN ,pou sa yo pap kapab genyen claveunica a , li otorize bay resi vaksinasyon an avèk QR a pa mwayen kourye elektwonik .

Pou kapab fè sa ou ap bezwen voye yon demann nan imèl sa : yomevacuno@minsal.cl pandan ou ap sètifye motif demann nan epi mete foto idantifikasyon ou oubyen paspò avèk done ki lizib pou konfime idantite moun kap fè demann lan . Dokiman sa yo yap itilize yo sèlman pou bay repos ak demann la epi yo ap elimine yo aprè sa .

MWEN KAPAB MANDE OUBYEN ENPRIME RESI VAKSINASYON MWEN AN AK PASE DE MOBILIDAD LA NAN YON VAKSINATWA OUBYEN YON SANT SANTE ?

Pou le moman sant sante yo sèlman kapab oryante moun kòman pou yo itilize platfòm mevacuno.gob.cl a pou yo resevwa resi vaksinasyon yo a epi kòd QR a , men yo pap kapab fè pwosedi a pou yo paske done yo sansib epi li enpòtan pou kenbe konfidansyalite enfòmasyon yo .

SI MWEN BEZWEN MWAYEN POU MWEN ITILIZE PLATFOM MEVACUNO.GOB.CL LA OUBYEN ASISTANS POU TELECHAJE RESI VAKSINASYON MWEN AN AVÈK PASE DE MOVILIDAD LA ,KOTE KIYÈS POU MWEN ALE ?

Si ou genyen pwoblèm pou ou telechaje sètifika oubyen kòd QR a nou sijere ou konsilte nan chileatiende.cl oubyen saludresponde.cl . Konsa tou ou kapab rele nan Salud Responde nan 600 360 777 oubyen ekri yon kourye elektwonik avek demann ou a nan : yomevacuno@minsal.cl .